

BAB I BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa alat komunikasi nu kawilang pentingna pikeun kahirupan manusa. Ku kituna basa moal bisa leupas tina kahirupan manusa, kitu ogé basa teu bisa dipisahkeun tina masarakat Sunda.

Robahna basa Sunda ti mangsa ka mangsa moal leupas tina kahirupan jeung kamekaran masarakat Sunda salaku panyatur. Ku ayana parobahan samodél kitu anu lumangsung dina kahirupan masarakat Sunda tangtuna ogé bakal mawa pangaruh kana kamekaran basana. Éta hal téh saluyu jeung fungsi utama basa Sunda nya éta alat komunikasi keur ngayakeun kontak atawa hubungan anu digunakeun ku panyatur basa.

Basa Sunda di piara tur dimumulé ku nagara lantaran basa daérah katut dialék bagian tina kabudayaan nasional. Éta hal téh saluyu jeung UUD 1945, bab XV pasal 36. Penjelasan pasal 36 negeskeun yén:

“Di daérah-daérah yang mempunyai bahasa sendiri yang dipelihara oleh rakyatnya dengan baik (Misalnya bahasa Jawa, Sunda, Madura dan sebagainya), bahasa-bahasa itu akan dihormati dan dipelihara oleh negara. Bahasa-bahasa itu pun merupakan sebagian dari kebudayaan Indonesia yang hidup”

Dina kurikulum muatan lokal pendidikan dasar taun 1994 jelas pisan ditétélakeun yén pangajaran basa Sunda kaasup kana mata pelajaran mulok wajib pikeun daérah Jawa Barat. Ari basa Sunda téh diwangun ku sababaraha basa dialék di antarana: dialék Sumedang, dialék Ciamis, dialék Indramayu, dialék Kuningan, dialék Majalengka, dialék Cirebon, dialék Cianjur, dialék Sérang,

dialék Bogor, dialék Subang, dialék Tasikmalaya jeung dialék Purwakarta (Yudibrata, Spk.1995:3). Ieu hal luyu jeung katagorisasi lokal anu dipaké dina pangajaran basa Sunda, sarta hakékat tujuan muatan lokal pangajaran basa Sunda, anu nganut *Asas Keberagaman dan Kesesuaian dengan Kondisi Lingkungan*.

Tumuwuh jeung mekarna basa dialék dipangaruhan ku sababaraha faktor, diantarana nya éta faktor kabasaan, faktor luareun basa, kaayaan alam, batasan-batasan pulitik, ekonomi, patukeurna budaya jeung cara hirup masarakat hiji wewengkon. Ku lantaran pangaruh faktor kasebut, dina ngamekarkeunana basa dialék téh bisa ngalaman dua kamungkinan parobahan. Kahiji bisa jadi basa dialék robah jadi basa lulugu, kadua bisa leungit sama sakali. Dumasar kana éta hal, aya kamungkinan hiji basa dialék leungit lantaran kasilih ku basa lulugu atawa bisa jadi ku basa Indonesia

Basa dialék kaayaanana ditangtukeun ku kasang tukang para panyatur atawa pamaké basana. Dialék téh ngawengku dialék sosial, dialék témporal, dialék géografis atawa régional jeung dialék lokatif.

Nepi ka ayeuna dialék dina basa Sunda nu geus ditalungtik ku Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah UPI kaitung geus rea, di antarana: “Basa Sunda Dialék Cirebon di Kacamatan Pabedilan Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SLTP” (Saepfudin, 2004), “Basa Sunda Dialék Pandeglang di Kacamatan Cipeucang Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SLTP” (Ima Hasmanovi, 2004), “Basa Sunda Dialék Pandeglang di Kacamatan Munjul Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Di SMP” (Mimi helmiah, 2005), “Basa Sunda Dialék Serang di Kacamatan

Baros Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Di SMP” (Ridha Fadilah, 2005),
“Basa Sunda Dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran” (Adi Senjaya, 2005).

Ieu panalungtikan medar ngeunaan kamekaran basa Sunda dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar, naha éta basa dialék téh masih kénéh dipaké atawa heunteu. Kacamatan Langensari salah sahiji daérah anu mayoritas masarakatna ngagunakeun basa Sunda, sanajan letak geografisna ngawates langsung jeung Jawa Tengah anu mayoritas masarakatna ngagunakeun basa Jawa. Basa Sunda di Kacamatan Langensari mibanda karakteristik anu unik tur nyirut pikeun ditalungtik, sabab dina kekecapanana kawilang langki. Hal éta, muncul ku lantaran di Kacamatan Langensari aya pacampuran dua basa (antara basa Sunda jeung basa Jawa) anu nimbulkeun ayana variasi dialék basa Sunda di éta padumukan. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Basa Sunda Dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar” perlu dilaksanakeun.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Tina kasang tukang nu disebutkeun di luhur, ieu panalungtikan téh ngan saukur ngagambarkeun Basa Sunda Dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar. Kecap dialék anu ditalungtikna ngawengku sababaraha bidang, nya éta: (a) istilah pancakaki, (b) kecap gaganti jeung sesebutan, (c) kecap kahirupan désa jeung masarakat, (d) kecap bagian awak, (e) kecap imah jeung bagianana, (f) kecap pakakas, (g) kecap kadaharan jeung inuman, (h) kecap panyakit, (i) kecap pagawéan, (j) kecap pakéan, (k) kecap kaulinan, (l) kecap tutuwuhan jeung

bungbuahan, (m) kecap sasatoan, (n) kecap kaayaan alam jeung usum, (o) kecap budi parangi, (p) kecap pananya, panyambung, panambah jeung panganteb. Pangna nangtukeun éta kecap-kecap di luhur kulantaran kandaga kecap éta téh sok di paké ku masarakat dina kahirupan sapopoé di éta wewengkon.

1.2.2. Rumusan Masalah

Sangkan panalungtikan henteu kaluar tina masalah, aya sababaraha masalah nu perlu dirumuskeun patali jeung panalungtikan Basa Sunda Dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar, éta masalah bisa ditepikeun dina wangun pananya di handap ieu.

- 1) Aya sabaraha jumlah kecap basa Sunda dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar?
- 2) Kumaha wangun kecap dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar?
- 3) Kumaha péta wilayah pakécapan dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar?

1.3. Tujuan Jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngadéskripsikeun Basa Sunda Dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar. Déskripsina ngawengku:

- 1) Invéntarisasi basa Sunda dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar,
- 2) Parobahan wangun kecap basa Sunda dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar,

- 3) Péta wilayah sebararan dialék geograpis di Kacamatan Langensari Kota Banjar.

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Hasil tina ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun

- 1) dijadikeun sumber bahan nyusun kamus dialék basa Sunda;
- 2) dijadikeun bahan timbangan para guru dina nyusun bahan pangajaran ngeunaan basa wewengkon;
- 3) nambahan pangaweruh ngeunaan basa Sunda wewengkon jeung
- 4) ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan dialéktologi basa Sunda.

1.4. Anggapan Dasar

Unggal panalungtikan nyoko kana hiji anggapan dasar atawa postulat anu tangtu. Satuluyna éta postulat téh dijadikeun tatapan hiji panalungtikan, saperti numutkeun Surakhmad dina Arikunto (1998: 60): “*Anggapan dasar atau postulat adalah sebuah titik tolak pemikiran yang kebenarannya diterima oleh penyidik*”

Dumasar kana pamadegan di luhur, aya sababaraha anggapan dasar anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Basa Sunda dialék dipaké pikeun komunikasi masarakat nu aya di Kacamatan Langensari Kota Banjar.
- 2) Bédana antara kecap basa Sunda dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar jeung kecap basa lulugu téh bisa dianalisis dumasar kana élmu basa.

- 3) Basa Sunda dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar bisa digambarkeun péta wilayah sebaran dialék géografisna.

1.5. Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan luyu jeung tujuan nu geus ditangtukeun, perlu ayana wangenan istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan. Éta istilah téh dipedar di handap ieu:

1) Basa Sunda

Basa Sunda nya éta basa indung nu dipaké ku masarakat Sunda boh nu aya di tatar Sunda atawa di luareun tatar Sunda.

2) Dialék

Dialék nya éta ragam basa Sunda nu dipaké ku masarakat Banjar hususna di Kacamatan Langensari pikeun ngabédakeun dirina jeung masarakat nu séjéna.

3) Kacamatan Langensari

Kacamatan Langensari nya éta salah sahiji kacamatan nu aya di Kota Banjar nu wates wilayahna ti beulah kalér di watesanan ku Kabupatén Cilacap, beulah kidul Kabupatén Ciamis, beulah wétan Kabupatén Ciamis jeung belah kulon Kacamatan Pataruman Kota Banjar.

Jadi, anu dimaksud *Basa Sunda Dialék di Kacamatan Langensari* téh nya éta panalungtikan ngeunaan sajumlahing kecap-kecap dialék basa Sunda anu sok dipaké sapopoé ku masarakat nu aya di Kacamatan Langensari Kota Banjar.

